

République du Burundi
Conseil National pour la
Défense de la Démocratie

www.cndd-burundi.com

Tél. : +33605939339



Republika y'Uburundi

Inama y'Igihugu

Igwanira Demokarasi

Email :

cnddkomera@gmail.com

Tél. : 257 79354707



Démocratie, Dignité, et Prospérité – Demokarasi, Iteka n'Iterambere -

Ijambo rishikirijwe na Leonardo Nyangoma, umukuru w'umugambwe CNDD, ku munsu mpuzamakungu wahariwe akazi n'abakozi kw'isi.

**Barundi
Barundikazi
Banyakazi,
Namwe mutagira akazi,**

Ndabaramukije amahoro, iteka n'iterambere !

Abatari bake muri mwebwe barazi amamuko y'uyu munsu w'itariki ya mbere Rusama, wahariwe akazi n'abakozi kw'isi yose. Reka tuvuyibutsanye akanya gatoya kugira abarutse vuba nabo babimenye.

1. Uyu munsu si umunsu mukuru usanzwe, ni umunsu w'ukwibuka abantu, abanyakazi benshi batakaje ubuzima bwabo bariko baragwanya agacinyizo bakorerwa n'abakoresha babo, baba abantu ku giti cabo, canke Reta. Ako gacinyizo kari gahagaze canecane ku masaha y'umurengera abanyakazi bakora ku munsu, henshi yararenga 16, abakozi bagahembwa intica ntikiza, abakenyezi bakora ijoro n'umutaga, n'abana b'imicuko barimwo.
2. Ku wa mbere Rusama 1886, ni ho abakozi biha amabarabara kugira bagaragaze akababaro kabo, hariya i Chicago mu gihugu ca Reta Zunze Ubumwe za Amerika. Ico gihe, Reta yabashuhuriyeko abaporisi, maze birara mu banyagihugu, abantu benshi barahasiga agatwe. Uyu munsu rero ni umunsu mu bihugu vyinshi abakozi, bigina intsinsi bashitseko mu kworohereza ubuzima bwabo nko: kuduza imishahara yabo, kuvurwa ku buntu, kugabanura amasaha y'umurengera ku kazi, kubunguruza bagiye ku kazi, kugabanura ikori ku banyanyagihugu batobato, gufuta ubugererwa, gufata mu mugongo abarimyi n'aborozi mu kugabanura ibiciro vy'ibikoresho vyo mu ndimo nko kubaronsa amase, kubigisha ubuhinga bwo kurima no kworora kijambere tutibagiye kubaronsa imbuto zirobanuye, gukwiza umuyagankuba n'amazi meza ku banyagihugu bose, kwigisha abana ku buntu gushika iyo biyumva, kugwanya ubushomeri n'ibindi.....
3. Ivyo ni vyo abakozi bigina, kandi bashaka kugabisha abo bose bampemayuzuye, bashaka kugumiza abanyagihugu mu buja nabo bujuje inda zabo, abandi bipfumbereje. Ngo uwutambana na mukeba ntakubita urugohe. Uyu munsu rero si umunsu wo gutambira abategetsu na canecane nk'abo b'iwacu, uhereye ku mukuru wabo, yamaze kwigira ikigirwamana, mbere umunsu mukuru nk'uwo, ukagaragaza ukuntu intwari ya Nkurunziza yadushubije mu ntwaro z'umugambwe umwe. Ni umunsu rero wo

kwibutsa yuko ibibi bariko baradukorera bazovyishura badahagaritse, kwibutsa kandi ko no mu bindi bihugu abacinyiza abanyagihugu batsinzwe n'abo banyagihugu nyene.

4. Ng'aha iwacu, muri kahise, na canecane ku ntwaro za Gikoroni, agacinyizo k'abanyagihu mu kubakoresha babahemba intica ntikize karigeze. ikiro c'ibiterwa njabukamazi nk'ikawa, ipampa, icayi, n'ibindi bakabigura intica ntikize. Ku ntwaro z'icami, abanyagihugu nka bose batobato bari abagererwa, umwanya munini baba bariko bakorera abarongozi babo, bagahembwa ingero idashobora no kumara umwana inzara. Ariko akamaramaza , ni ivyo turiko turabona iki gihe vyitwa ngo turi mu ntwaro za demokarasi, zategerezwa kurangwa n'isabikanywa ry'itunga ry'igihugu, ata wandya wangura. Ni na co gituma rero, uyu munsu wahariwe akazi n'abakozi ari isango rihambaye cane. Si umunsu rero wo kwiyereka no kuvyinira canke gutambira abategetsu babombotse inda ngaha iwacu, mbere n'ahandi henshi, ni isango ryo kwibutsa akababaro, amagorwa abakozi bo mu Burundi bagowe, benshi ndetse bakaba ari abashomeri, mu ntumbero yo kubakebura no kubagabisha kuko ni bo nkomoko y'ayo mahano turimwo.
5. Uyu munsu rero uhuriranye n'uko abarundi benshi muri rusangi, na canecane abakozi, tutavuze abashomeri, abadafise n'akaberere ko kurima bugarijwe n'ubukene butagira izina, bitewe n'abategetsu bazingamitse ubutunzi bw'igihugu, mu busuma, bwabaye ubunyonyezi, mu kwiyugaranirako nk'ifuko, ingaruka yavyo ikaba ari ugutuma imigenderanire dusanganywe n'ibindi bihugu ducuditse isubira inyuma canke itosekara kubera ububegito bw'intwaro izira guhanurwa. Aba kera ni bo bayamaze bati Intabarirwa ibarirwa n'uko amaso atukuye, kandi ngo Agasozi kari amarere kahiye abagabo banini. Kubera kandi hari umutekano muke, umuntu ararima ntiyimbure, canke akarima dukeya agira turamukwiye wenyene, kuko ataba azi yuko azobishikira, akaguma yicura ko ashobora guturaturuzwa gushika n'aho ahunga. Canke naho abandi abashonje bakisoromera.
6. Uyu munsu mukuru w'abakozi ushitse kandi, mu gihe hari impunzi zababa ibihumbi amajana atanu, zikwiragiye kw'isi yose na canecane, ngaha mu karere Uburundi burimwo. Izo mpunzi, zari zisanze na zo nyene ari abakozi imbere yuko bangazwa nubutegetsu buhari ubu.
7. Vyongeye, uyu munsu ushitse abanyakazi, canecane ba Reta, basigaye bahembwa intica ntikize kubera imishahara yatitutse, mbere na ka gashirikabute ko, ku mwaka ku mwaka bita « annales » kakaba karahagaritswe, ku gahoto, ata n'inama abakozi bagirishijwe. Ibiciro vy'ibintu, vya nkenerwa kugira ngo umuntu abeho, yongere agire amagara meza, nk'imfungurwa, imiti, uburaro, kwiyunguruza... vyarabaye umurenge. Ehe raba mu mwaka umwe gusa, nk'igiciro c'umuceri, ibiharage, ubududu n'ibindi caduze muri rusangi, incuro zibiri canke zirenga. Nk'ikiro c'ubududu bwafasha abantu benshi, ubu kigeze ku mafaranga 1500, kare cagurwa F500, ni ukuvuga ko, caduze incuro zitatu ! Ariko Nkurunziza akirirwa arihayagiza ngo, ejo ni heza, ngo n'aho amakungu atodufasha, twebwe turishoboye. Ntagire n'akagongwe ko, kwaka ku kwezi ku kwezi F2000 umutagisivero, canke kumutegeka kugura iparati ya F8000, ata na hamwe iparati itegekanijwe, gushirwa kw'ikinga. N'ibindi n'ibindi tutarinze kudonda. Agashahara abakozi ba Reta baronka, uretse ko inzu baba bapanze, ipanzwe ayarengeye ako gashahara, nta n'iminsi icumi kuri benshi koshobora kumara. Ni hamwe nyene bavuga ngo Ntawumenye igitunga inyongori.
8. Ako karenganyo, abakozi bagirigwa ng'aha mu Burundi, kunyuwe n'uko, ubutegetsu buhari butanga ubuzi kuri nkunzi, ata bibazo bibanje gukorwa, kugira akazi karangurwe n'abagashoboye, mbere n'iyi nkunzi ikaba itegerezwa, kuba iri mu mugambwe, aho umuntu atakimenya, gutandukanya ivya Reta n'ivy'uwo mugambwe wiganje, wigize akagaramaruganda mu Burundi.

Barundi
Barundikazi
Banyakazi mwese,

9. Haraheze imyaka ibiri, abakozi batari bake, abakorera Reta canke abigenga badashobora kugira amahoro mu mitima, bitumwe n'uko, abakoresha babo baguma, barondera kubadodobereza canke kubaka ubuzi bwabo.
10. Kuva aho Petero Nkurunziza, yihagiye ubutegets, nta mukazi n'umwe acubahuka kuryogora, kubera yuko amasendika y'imvugakuri, yahora yubahuka kuvugira abakozi, yose barayasambuye, abayarongoye benshi, abatahasize ubuzima barahunze. Reta ica yishiriraho, amasendika ya seniryo. Ntawugikura ururimi mu kanwa, ahandi hoho yohasiga agatwe. Ikitavuzwe coco, ni kuja mw'ibarabara, kugaragaza akababaro. Mwarabonye, igihe abanyagihugu isinzi, biha amabarabara mukwezi kwa Ndamukiza 2015, ingene bafashwe bunyamaswa, bariko biyamiriza manda ya gatatu ya Nkurunziza, ata kindi igamije, atari gucinyiza abarundi n'abarundikazi, manda yo guhishira ibibi, ubusuma n'ubwicanyi. Iyo Reta ya Nkurunziza, iriko irakorera abarundi, na canecane abakozi n'abashomeri, bitebe bitebuke azobibazwa.
11. Uyu muni rero wa mbere Rusama 2017, ni ukwibuka intwari z'abarundi, canecane mu rwaruka n'abakenyezi bahasize agatwe n'ubu bakiriko, ata kindi bazira, atari ugaharanira ineza y'abarundi n'agateka kabo. Kwibutsa abategets, kandi, yuko intwari n'ubu zagwiriranye, zitazotezura Reta y'igikeneye itatuvuye ku mutwe.
12. Kuva aho, akagwi ka Nkurunziza kihagiye ubutegets, abanyeshure, ari bo bakozi b'ejo, barahabonye amakuba, kubera iyo ntwaro isanzwe izirana n'abakozi b'inkerebutsi kandi b'incabwenge. Reta, noneho muri ino muni, aho kwongereza agafashanyo, kahora gahabwa abanyeshure bo muri za kaminuza yaraye igafuse, muzi namwe ingene igihugu cacu gikenye abakozi benshi b'incabwenge canke b'abahinga. Mu bihugu bitari bike kw'isi, abana b'igihugu biga ku buntu, kuva zero gushika barangize kaminuza. Reta yose yisoneye, umugambi ishira imbere, ni kiremwa muntu, na canecane kwigisha abana bose b'igihugu. Iyo ni vyo, bituma demokarasi itsimbara, n'isabikanywa ry'ubutunzi rishoboka.
13. Tubivuge tubisubire, iyo Reta y'icaduka yarananiwe, no gukingira abakozi, bakorera amasosiyete yigenga, ahonyanga uko ashatse amategeko agenga akazi, abatari bake, bafise amatati n'abakoresha babo, ntibakironka aho bitura. Akamaramaza gaheruka kwibonekeza, mw'ishirahamwe ryo gutumatumanako amakuru, bita Smart Mobile, aho abakozi bakurubakuru, bihaye imishahara y'umurenge, ishika mbere ku miriyoni mirongo, abandi bakabura ico bahembwa, mbere bagaheraho birukanwa, ata mvo ziboneka zihari.
14. Umugambwe CNDD, warababajwe kandi, n'ukuntu abakozi bakorera amaradio, nk'Isanganiro bafatwa nabi, ku buryo bamwe birukanwa ata mvo, abandi bagaterwa ubwoba n'abakozi b'iperereza. Twibukije Reta ya Nkurunziza ko, kumenyesha amakuru ari uburenganzira, kandi ari akazi nk'akandi.
15. Umugambwe CNDD, urahagaritswe umutima, n'ukuntu Reta iguma iduza ibiciro, ku muni ku muni. Isukari, igitoro, inyobwa n'imfungurwa, biguma biduga, ku muni ku muni, maze abakozi bakabura uko batunga imiryango yabo. Ni isoni kubona ibiharuro vyerekana ko, mu kwezi kumwe gusa, ivyo kurya

bishobora kuduga, ku bice birenga 20%. Kandi ivyo, nta kindi bivako atari ukubera, ubutegetsu bubi. Kumwe Umugambwe atari umugani, yiguze intahe y'ukwikukira yavugaga ati « Ahatari ubutegetsu nyabwo, ntihashobora kuba, iteka n'itekane »... Kuvugaga ngo, ubu mu Burundi ni amahoro, ni nyabagendwa, ni nk'ukugereranya umutekano, wo mw'itongo ry'abapfuye, ngo ni sawa nta gacacira... Abanyagihugu bapfiriye hejuru, ata n'uwucubahuka kuryogora !

Banyakazi namwe bashomeri mwese

Barundi

Barundikazi

16. Umugambwe wacu CNDD uratewe amakenga, n'inyifato y'ubutegetsu bwa Nkurunziza, bubandanya gusambura amashirahamwe y'abakozi, ari na yo yobafashije gushikiriza ivyiyumviro. Ico kikaba ari kimwe, mu biranga intwari z'igitugu mwisi. Amashirahamwe ahari, usanga ata nguvu afise zo kuvugira abakozi, kubera abakuru bayo baca bashaka, kwumvira uyo mugambwe gusumba ababatumye.
17. Umugambwe CNDD urateye ivyatsi, imigambi yose igayitse ya Reta ya Nkurunziza yo gutoteza abakozi, harimwo n'abadandaza, basanzwe ari abakozi binjiriza Reta amafaranga menshi. Abadandaza batari bake, kuva mu mwaka wa 2010, barayanyaze bahungira mu bihugu vya Zambia, Malawi, Mozambique na Afrika y'epfo, kandi bagenda batwaranye imitahe yabo. Vyarunyutse kuva aho, Reta ituririye isoko nkuru ya Bujumbura.


Muti none hakogwe iki ?

1. Harageze ko, abarundi bose bahagurukira rimwe, bakava inyuma y'ako kagwi ka Petero Nkurunziza, amazi atararenga inkombe.
2. Uyo mugambwe wihagiye ubutegetsu, ntaho utaniye ni ya ntware karyanishamiryango yo muri Afrika y'epfo, ninaco gituma twese, na canecane abakozi dutegerezwa kuwuhagurukira tukawugwanya twivuye inyuma, ata bwoba, kuko ntawundi azobikora mu kibanza cacu.
3. Ni ngombwa turugwane gushika intwari yubahiriza abakozi, ikabavugira kandi atari iyo kubasambura, n'ukubasahura ishingira imizi mu Burundi.
4. Iyo na yo ntahandi izova atari muri mwebwe abakozi, muhaye muhimbaza umunsi wanyu kuri uno munsi uri hejuru.

Ngo Kuvugaga menshi si ko kuyamara, n'ubwo bimeze bityo, sinorangiza, ntasubiye kubipfuzira umunsi mukuru mwiza, murimbura aho agateka kanyu kageze, kugira ntitureke ngo intambwe ya demokarasi ari yo yubahiriza akazi n'abakozi, ngo igende amazimayongo turorera !

Nti nitugire amahoro, iteka n'iterambere.

Umukuru w'Umugambwe CNDD,



Leonarudo NYANGOMA.-